

**PANGARUH MATERI MATA PALAJARAN KAWIRAUSAHAAN
SARENG EFIKASI DIRI DINA MINAT USAHA MURID KELAS XI IPS 1
DI SMA NUGRAHA BANDUNG**

Ku

NURIN AMAJIDA

155020074

RINGKESAN

Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nangtukeun : (i) kumaha materi mata palajaran kawirausahaan di SMA Nugraha Bandung, (ii) kumaha efikasi diri murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung, (iii) kumaha minat usaha murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung, sareng (iv) sabaraha pangaruh materi mata palajaran kawirausahaan sareng efikasi diri kana minat usaha murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung. Métonde ni digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta survey ku subjék anu jumlahna aya 35 murid SMA Nugraha Bandung. Analisis data nu digunakeun nyaéta analisis vérifikatif data ngaliwatan itungan rata-rata skor ngagunakeun IBM SPSS Statistics Version 24.0. for Windows. Hasil panalungtikan rékapitulasi skor rata-rata kamandang réspondén ngeunaan : (i) materi mata palajaran kawirausahaan di SMA Nugraha Bandung lobana 4,12 (82%) aya dina kategori “satuju pisan”, (ii) efikasi diri murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung lobana 4,13 (83%) aya dina kategori “satuju pisan”, (iii) minat usaha murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung lobana 4,21 (84%) aya dina kategori “satuju pisan”. Dumasar analisis data nu geus dilakukeun, hasil panangtikan pangaruh materi mata palajaran kawirausahaan sarta efikasi diri dina minat usaha murid kelas XI IPS 1 di SMA Nugraha Bandung nya éta ditinggali tina itungan koéfisién déterminasi ngaliwatan nilai R Square lobana 0,522. Ieu bisa diinterpretasi yén pangaruh materi palajaran kawirausahaan sareng efikasi diri geus nyumbang 52,2% pikeun minat usaha murid, sésana 47,8% dipangaruhan ku faktor séjén. Panulis miboga pamadegan kanggo pihak-pihak nu pakait nya éta: (i) kanggo murid, diharepkeun tiasa ngadangukeun palajaran kawirausahaan lumangsung, (ii) kanggo guru, diharepkeun tiasa ningkatkeun téknik pangiriman bahan ngagunakeun média nu kreatif, (iii) kanggo panalungtik saterasna, tiasa ngalaksanakeun panalungtikan nu sarupa ngangge faktor sanes atanapi pembahasan anu sanes oge supados dipendakan alternatif kanggo ningkatkeun hasil tina pendidikan kawirausahaan di perguruan tinggi kana parintisan usaha.

Kosa Kecap: Materi mata palajaran kawirausahaan, efikasi diri, dan minat usaha.